

# Benefis Pou Maladi/Enfimite



## Kisa asirans Sekirite Sosyal pou maladi/enfimite ye?

Sekirite Sosyal peye benefis pa mwa pou moun ki pa anmezi travay akòz yon kondisyon mantal oswa fizik. Kondisyon an dwe dire yon lane oswa plis oubyen maladi/enfimite a ka lakòz ou mouri.

Pou kalifye pou benefis yo, ou dwe te travay pandan lontan ase epi sa pa dwe fè twò lontan depi denye fwa ou te travay.

**Si ou te vin malad/enfim anvan laj 24 lane,** anjeneral ou bezwen you lane edmi travay pandan yon peryòd twa lane anvan maladi/enfimite ou a kòmanse.

**Si ou gen laj ant 24 ak 30 lane,** anjeneral ou bezwen t ap travay pandan mwatye peryòd ant laj 21 lane ak epòk ou vin malad/enfim nan.

**Si ou vin malad/enfim nan laj 31 lane oswa plis,** kantite travay ou bezwen an depann de laj ou genyen lè ou vin malad/enfim nan. Epitou, ou dwe t ap travay pandan senk ane sou 10 lane ki vini imedyatman avan maladi/enfimite a. Ou pa bezwen sitwayen ameriken pou ou kalifye pou benefis yo, men ou dwe gen otorizasyon legal pou travay Ozetazini.

## Benefis pou Fanmi yo

Sèten manm fanmi ou ka kalifye pou benefis yo selon travay ou, ki enkli:

- Pitit ou ki poko gen laj 18 oswa 19 lane si li toujou nan lekòl segondè atanplèn.
- Pitit ou ki genyen plis pase laj 18 lane epi ki poko marye, si li vin malad/enfim anvan li gen laj 22 lane.
- Madanm/mari ou ki gen laj 62 lane oswa plis, oswa nenpòt laj si li ap pran swen yon pitit ou ki gen laj 16 lane oswa ki malad/enfim epitou ki ap resevwa benefis yo.

## Kòman pou aplike pou benefis maladi/enfimite?

Pou fè pwosesis aplikasyon a trè senp, ou gen chwa pou aplike nan telefòn, pa lapòs, oswa pèsònèlman nan nenpòt biwo nan kominotè ou. Anplis aplikasyon debaz la, ou ap bezwen tou pou ou ranpli yon fòmilè ki ap ban nou enfòmasyon sou eta sante ou ak fason li

afekte aptitud ou pou travay. N ap bezwen yon lòt fòm tou ki ap bay doktè ou pèmasyon pou voye ban nou enfòmasyon sou eta sante ou.

Pou fè reklamasyon ou a regle vit, sa ap ede si ou gen non, adrès, nimewo telefòn, dat tretman ak kalite tretman ou te resevwa nan men chak doktè, nan klinik oswa nan lopital, pou nou ka mande yo kopi dosye medikal ou. Nan antrevi aplikasyon an, ou ta dwe pare pou diskite sou istwa travay ou pou 15 dènye lane yo. N ap bezwen yon kopi fòm W-2 dènye ane a, oswa si ou se yon travayè endepandan, yon kopi fòm taks ane ki fèk pase a.

## Ki moun ki pran desizyon maladi/enfimite a?

Nou voye pati medikal reklamasyon ou nan biwo sèvis detèminasyon maladi/enfimite (disability determination services, DDS) ki nan eta kote ou ap viv la. Espesyalis ki fòme pou evalye maladi/enfimite ap resevwa dosye medikal ou, ap revize enfòmasyon yo epi ap pran yon desizyon sou ka ou. Si yo bezwen plis enfòmasyon, yo ka pwograme yon egzamen medikal gratis pou ou.

## Kilè benefis yo kòmanse

Si aplikasyon ou apwouve, ou ap resevwa premye peman benefis ou sis (6) mwa apre dat prèv yo montre maladi/enfimite ou te kòmanse.

## Kòman Medicare ka ede

Benefis Medicare ap disponib pou ou otomatikman apre ou vin malad/enfim pandan de lane. Medicare se yon pwogram asirans federal pou moun ki gen laj 65 lane oswa plis, oswa ki malad/enfim. Li ka ede avèk bòdwo lopital oswa bòdwo doktè.

## Si ou pa kalifye pou Sekirite Sosyal

Si ou aplike pou benefis Sekirite Sosyal pou Maladi/Enfimite epi ou pat travay ase selon règleman Sekirite Sosyal, n ap wè si ou ranpli kondisyon pou peman pou benefis maladi/enfimite nan pwogram Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI). SSI fè peman pou moun ki malad/enfim oswa avèg, oswa ki gen plis pase laj 65 lane epi ki pa gen anpil lajan oswa ki pa gen anpil resous.

Ou pa bezwen te travay anvan pou ou kalifye. Se Administrasyon Sekirite Sosyal ki dirije toulède pwogram yo, men se pa taks Sekirite Sosyal yo ki finanse SSI (Reveni Sekirite Sipleman). Maladi/ Enfimite detèmine nan menm fason, men gen lòt règleman ki aplike. Pou plis enfòmasyon sou peman SSI, mande piblikasyon, *Peman Revni Sekirite Sipleman* (Publication No. 05-10702-HC)

## Konbyen tan benefis maladi/enfimite yo ap kontinye

Benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal dire toutotan ou malad/enfim epi ou pa anmezi pou travay. Si ou ka fè gwo travay, yo p ap konsidere ou kòm moun ki malad/enfim epi benefis yo ap sispann.

Men tou, si ou eseye travay epi ou toujou malad/enfim, gen règleman espesyal ki pèmèt ou kontinye resevwa benefis ou jouk ou ka travay sou yon baz regilye. Men sa ki genyen pami règleman sa yo:

- Peryòd esè travay—9 mwa (pa nesèsman mwa apre mwa), pandan peryòd sa salè ou p ap afekte benefis ou yo;
- Peryòd elijiblite pwolonje—36 mwa, pandan peryòd sa a, ou ka resevwa yon benefis pou nenpòt mwa salè ou anba yon sèten nivo. Pou 2006 la, nivo a se \$ 870. Li ogmante chak ane.
- Dediksyon pou depans ki asosye avèk eta sante ou—depans pou travay ou ki asosye avèk maladi/enfimite ou ap dedui lè y ap chèche detèmine si salè ou endike ke ou ap fè gwo travay; epi
- Kontinyasyon Medicare—asirans Medicare ou ap kontinye pandan 93 mwa (7 lane avèk 9 mwa) apre peryòd esè travay la. Si asistans Medicare ou sispann paske ou ale travay, ou ka toujou kenbe li pou yon prim mansyèl.

Pou plis enfòmasyon sou ankourajman pou ale travay pandan ou malad/enfim, mande piblikasyon *Travay Lè Ou Gen Yon Maladi/Enfimite- Kòman Nou Ka Ede* (Publication No. 05-10095-HC).

Y ap revize ka ou chak tanzantan pou detèmine si ou toujou malad/enfim. Kantite fwa yo revize ka ou depann de si eta sante ou gen chans pou li amelyore. Revizyon yo ka fèt ant chak 6 mwa ak 18 mwa lè gen espwa pou eta sante ou amelyore, epi chak 7 ane lè pa gen espwa pou eta sante ou amelyore.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10701-HC  
Disability Benefits (Haitian-Creole)  
January 2005